

## Rapò LAS Links sou Konpetans Elèv Eksplikasyon pou Paran/Gadyen yo



Evalyasyon LAS Links la se yon tèl ki fèt pou mezire kapasite ak pwogrè yon elèv nan lang angle a.

### **Rapò sou Elèv**

Rapò sou Elèv la bay paran ak gadyen yo enfòmasyon sou rezilta tèl pitit yo a. LAS Links la teste kapasite elèv yo nan lang angle a nan kad sosyal ak eskolè chak ane. Li rapòte nòt ak nivo kapasite pou chak nan konpetans sa yo nan lang angle a:

- Total:
  - Nòt Total la se mwayèn nòt gradye yo pou Pale, Koute, Lekti, ak Redaksyon e li se yon mezi solid kapasite jeneral elèv yo nan lang angle a.
- Domèn Konpetans Prensipal yo:
  - Pale
  - Koute
  - Lekti
  - Redaksyon
- Domèn Konpetans Konbine yo:
  - Konpreyansyon (Koute + Lekti)
  - Pwodiksyon (Pale + Redaksyon)
  - Oral (Pale + Koute)
  - Alfabetizasyon (Lekti + Redaksyon)

### **Nòt yo ak Nivo Konpetans yo**

**Kantite Pwen Posib:** Kantite pwen yon elèv ka fè nan chak domèn konpetans.

**Kantite Pwen Li Fè:** Kantite pwen elèv la te fè pou repons kòrèk nan chak domèn konpetans.

**Nòt Gradye:** Kantite Pwen Li Fè yo ki chanje an yon nòt ki montre pwogrè yon elèv fè sòti nan yon ane lekòl pou pase a yon lòt. Chak domèn konpetans gen pwòp echèl nòt li, donk yo pa dwe konpare nòt diferan domèn yo. Paregzanp, pa konpare yon nòt gradye Koute avèk yon nòt gradye Pale.

**Nivo Konpetans:** Yo mete nòt gradye chak elèv nan youn pami senk (5) nivo, ki dekri kapasite li nan lang angle a.

### **Deskripsyon Nivo Konpetans yo**

#### **Nivo 1: Kòmanse**

Nan Nivo 1, elèv la fèk kòmanse ap kominike nan lekòl la, sitou pa jès ak lang lakay li.

#### **Nivo 2: Kòmansman Entèmedyè**

Nan Nivo 2, elèv la sèvi ak angle men avèk anpil erè ki gen dwa jennen kominikasyon.

### **Nivo 3: Entèmedyè**

Nan Nivo 3, elèv la vin gen kapasite kominike efikasman men li gen dwa fè erè.

### **Nivo 4: Konpetan**

Nan nivo 4, elèv la ka kominke efikasman men avèk kèk erè.

### **Nivo 5: Konpetan Nèt**

Nan Nivo 5, elèv la kominike efikasman nan objektif sosyal ak eskolè avèk kèk erè, si se pa san erè ditou.

### **Dezyèm Paj Rapò sou Elèv la**

**Anlè dezyèm paj la** montre Kantite Pwen Li Fè yo, Kantite Pwen Posib yo, ak Mwayèn Gwoup Referans la (Reference Group Average, RGA) pou chak domèn konpetans. RGA a se rezilta mwayen elèv ki te patisipe nan LAS Links la sipoze genyen.

**Anba dezyèm paj la** gen ladan yon mezi Difikilte (Lexile) ki aliyen ak nòt total yon elèv nan lang angle. Mezi Difikilte a sèvi pou mezire kapasite nan lekti, epi lè ou sèvi ak resous **gratis** sa a, ou gen dwa jwenn liv ki kapab amelyore lekti pitit ou a. Annik ale sou [www.lexile.com](http://www.lexile.com) epi tape nimewo Difikilte yo te bay pitit ou a pou jwenn lis liv.